



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 14 me 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$20.5 MILYON DOLA DISPONIB POU PWOTEKSYON TÈ AGRIKÒL

Sibvansyon ki ofri pou premye fwa nan senkan

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse disponibilite \$20.5 milyon dola nan efò pou ede pwoteje tè agrikòl yo ak ede prevni tè agrikòl solid pou yo pa konvèti nan itilizasyon non-agrikòl. Antite elijib yo, sa ki gen ladan minisipalite, konte distri konsèvasyon dlo ak tè (SWCD) e òganizasyon konsèvasyon non-pwofi fidisi/fonsye, ka aplike pou sibvansyon endividyèl anba Wonn 13 pwopozisyon pou demann sibvansyon enplemantasyon Pwoteksyon Tè Agrikòl (RFP).

“Pwoteje ak kenbe tè agrikòl yo enpòtan pou sipòte kwasans kontinyèl endistri agrikilti robis New York,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Agrikilti sipòte travay, biznis ak aktivite ekonomik nan kominote yo toupatou nan Eta, definitivman reprezante yon pati enpòtan nan ekonomi Eta. Finansman sa a pral ede pou asire ke fèm agrikòl yo rete nan pwodiksyon, teni kont de zouti pou grandi, ak asire sipò pou agrikiltè ak fanmi yo.”

Finansman ap fèt atravè Fon Pwoteksyon Anviwonman Eta New York epi se Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York kap jere li. Lè yo te ofri nan tan lontan, sibvansyon an te konpetitif anpil, avèk demann pou asistans Eta ki souvan depase fon ki disponib pa yon faktè twa.

Depatman Agrikilti ak Mache yo antisipe ke yon pi gwo kantite pwopozisyon pral soumèt ane sa a paske Eta New York pat ofri sibvansyon pandan plizyè ane. Anplis, revizyon nan lwa Eta te ogmante kontribisyon Eta a yon maksimòm 87.5 pousan (jiska 75 pousan) e egalman elaji kantite antite ki kounye a elijib pou aplike dirèkteman pou fon sa yo—ajoute fidisi fonsyè ak SWCD yo

Komasyonè Agrikilti Eta Richard A. Ball te deklare, “Nou te fè yon gwo egzaminasyon nan pwogram sa a—sa kap travay byen ak fason nou te kapab amelyore. Nou te tande patisipan yo nan pwogram lan e kòm yon rezilta nou te pran yon kantite mezi pou senplifye pwosesis la ak asire pwojè yo konplete pi rapidman ak efikasan. Pandan pwogram sa ankou, nou kwè ke agrikilti New York pral anbrase chanjman ke nap mete anplas la.”

An repons a opinyon ki soti nan men moun ki gen enterè, tankou gouvènman lokal yo, kantite dokiman ki nesèsè pou konplete yon pwòjè te redwi e pwosesis la anjeneral te senplifye. Anplis, Depatman Agrikilti ak Mache yo te etabli yon kantite etap enpòtan pou asirre ke pifò pwòjè yo nan wout achèyman nan yon delè ki pi pratik. Nan kontra pase yo, kantite tan mwayèn ant aplikasyon sibvansyon ak peman pwopriyete tè yo te twò long pou bati previzibilite nan pwosesis la.

Prezidan Komite Agrikilti Sena Senatè Patty Ritchie te deklare, “Li evidan ke kalite tè ki byen pwoteje se baz pou nenpòt eksplwatasyon agrikòl famiyal ki reyisi. Mwen kontan ke nouvo bidjè Eta adopte a ogmante finansman a \$20 milyon dola pou pwogram enpòtan pwoteksyon tè agrikòl, sa ki pral asire pou resous limite sa rete disponib pou pwochen jenerasyon kiltivatè New York yo. Sa a bati sou travay nou te fè pa twò lontan de sa —ranfòse finansman pou pwogram agrikilti spesifik epi lanse yon inisyativ pou atire jèn moun yo pou pouswiv yon karyè nan agrikilti— e li pral kontribye pou devlope anplis pi gran endistri nan New York.”

Manm Asanble Bill Magee, Prezidan Komite Asanble Agrikilti, te deklare, “Pwoteksyon tè agrikòl enpòtan nan efò siksè nou pou bati yon endistri agrikòl pwospè nan New York. Pou kontinye siksè sa lèt ak yogurt nou yo, diven ak bwason ak fwi fre ak biznis legim depann sou disponibilite kalite tè agrikòl pou jenerasyon kap vini yo. Fon pwoteksyon tè agrikòl la non sèlman benefisye moun ki retirete ak nouvo agrikiltè yo, men egalman konsomatè New York ak vwazen yo ki valorize manje lokal ak espas lib. Mwen vle remèsye Gouvènè a, Prezidan ak kòlèg mwen yo ki te sipòte fon sa nan bidjè a.”

Sipèvizè Vil Warwick nan Konte Orange Michael Sweeton te deklare, “Nou genyen pi gwo konsantrasyon fèm nan Konte Orange e anretou nou egalman genyen yon pwogram pwoteksyon tè agrikòl ki aktif anpil. Makonnen avèk resous ki soti nan eta, pwogram lan te vin fòmidad pou sektè agrikòl zòn nou an. Nou te garanti dwa devlopman sou yon kantite tè travay nan vil nou an ki se sèlman 50 mètr nò de vil New York. Nou kontan pou n aprann ke finansman adisyonèl ak espwa sa pral ede nou prezève plis tè agrikòl nan zòn nou an.”

Prezidan Biwo Agrikilti New York Dean Norton te deklare, “Nou te wè demann konsomatè yo ap kontinye monte pou divès pwodui nou grandi ak pwodui nan jaden nou yo. Li enperatif ke nou kenbe tè agrikòl enpòtan nan pwodiksyon ki pa pral sèlman reponn a bezwen sa yo men egalman pou agrikilti rete yon sektè kap pwospere nan ekonomi riral eta. Nou apresye atansyon Gouvènè a pou pwoteksyon tè agrikòl ak investisman enpòtan eta ap fè nan efò sa a.”

David Haight nan American Farmland Trust te deklare, “American Farmland Trust aplodi Gouvènè Cuomo paske li rekòmanse pwogram pwoteksyon Tè agrikòl New York. Pwogram sa ede nouvo jenerasyon agrikiltè New York garanti tè epi pwoteje tè agrikòl ki enpòtan a sekirite manje lokal ak kontinye kwasans tè eta ak ekonomi alimantè.”

RFP sa pral pèmèt antite elijib yo pou ede pwopriyete tè yo pwoteje tè agrikòl ki a risk atravè itilizasyon sèvitid konsèvasyon pèmanan oswa kontra peman ankourajman. Byenke vas majorite finansman prale nan sèvitid pèmanan, yo te ofri kontra peman ankourajman pou premye fwa anba pwogram sa a, e li

Haitian Creole

pral pèmèt antite elijib yo pou fè angajman plizyè-ane a pwopriyetè tè yo, omwen senk men pa plis pase dis. Antite elijib yo ta answit travay avèk pwopriyetè tè yo pou chèche lòt aranjman finansman pou efikasan kreye yon sèvitid konsèvasyon pèpetyèl nan tè sa yo. Sa ki konnen egalman tankou “Dwa devlopman kontra lwaye,” zouti patikilye sa te idantifye nan plan pwoteksyon tè agrikòl ak agrikilti minisipal ki te adopte nan New York. Jiska \$2 milyon dola anba RFP pral disponib pou nouvo kalite pwojè a.

Ou ka telechaje materyèl aplikasyon ak enfòmasyon sou seminè sou entènèt ki enpòtan pou Round 13 Farmland Protection Implementation Grants Request for Applications sou sitwèb Depatman Agrikilti ak Mache nan www.agriculture.ny.gov/RFPS.html. W ap jwenn tou materyèl aplikasyon lè w rele depatman dirèkteman nan nimewo 1-800-554-4501.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418